



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 6.2 MILYON DOLA POU REYABILITE FLATS BRIDGE CARPENTER A SOU RIVYÈ AUSABLE NAN KONTE CLINTON

Yo pral eleve pon istorik ki konekte Route 9 Eta a pou diminye potansyèl inondasyon ak akimilasyon glas ki afekte pon an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè 6.2 milyon pou amelyore rezistans istorik Flats Bridge (Pon Plat) Carpenter a, ki konekte Route 9 Eta ak Rivyè Ausable nan Konte Clinton. Pwojè a pral ogmante pon ki gen ankadreman an asye a twa pye edmi epi fè lòt amelyorasyon pou ede diminye enpak akimilasyon glas yo, diminye ka inondasyon ak amelyore sekirite nan koridò enpòtan sa a pou vwayajè North County yo. Route 9 Eta a konekte kominote yo sou rivaj lwès Lake Champlain lan epi otomobilis yo itilize li pou yo rive nan Vil Plattsburgh, Eta Vermont, fwontyè Kanadyen ak lòt destinasyon popilè nan rejyon an.

"Pandan plizyè kominote atravè eta a ap kontinye rekipere apre inondasyon devastatè wikenn sa a, nou rete angaje nou pou ranfòse enfrastrikti transpò Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Leve pon an anblematik sa a sou bèl Rivyè Ausable a pral pèmèt vwayajè lokal yo ak touris yo vwayaje nan zòn enpòtan sa a nan North Country san antrav epi li pral ede asire ke nou pare pou rankontre defi chanjman klimatik yo tèt pou tèt."

Flats Bridge Carpenter a, ki te konstwi an 1941, nan lis Rejis Nasyonal Plas Istorik (National Register of Historic Places) yo epi yo konsidere li kòm yon egzant enjenyeri ak konstriksyon pon premye plan nan mitan 20èm syèk la. Finisman pon 255 pye longè te ede fè Route 9 Eta a tounen yon gwo otowout nò-sid epi fasilite transpò atravè rejyon an.

Kòm yon pati nan pwojè a, ankadreman an asye a, ki te deja reyalize an 1994, pral resevwa ti reparasyon epi yo pral leve nan nouvo wotè li anvan yo vide nouvo kapichon an beton sou tèt sou-estrikti a pou li koresponn ak nouvo elevasyon an. Anplis de sa, yo pral reyalize apwòch pon an, epiyo pral mete ray gidaj yo nan estanda modèn yo.

Pandan konstriksyon, yo pral devye sikilasyon alantou sit la lè yo sèvi avèk Route 9 Eta a ak 9N, ansanm ak Route 22 Eta a ak 422. Yo pral sinyale wout deviyasyon yo, epi yo

pral deplwaye tablo mesaj elektwonik pou avèti otomobilis yo sou travay la. Pwojè a prevwa fini nan otòn 2023.

Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) finanse yon pati nan pwojè a anplis finansman eta a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pandan klima nou an ap kontinye chanje, Eta New York ap fè envèstisman ki nesèsè yo pou modènize enfrastrikti nou an epi asire li pare pou li reziste kèlkeswa defi Manman Lanati rezève pou nou. Amelyorasyon n ap fè nan Flats Bridge Carpenter a pral ede redwi akimilasyon glas prentan yo ki te vin tounen yon bagay ki twò komen nan lokal sa a epi asire estrikti istorik sa a kontinye sèvi vwayajè North Country yo, pandan yo ap amelyore rezistans ak dirabilite nan rejyon an."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Carpenter's Flats Bridge, ki konekte Route 9 Eta, se yon konektè enpòtan nan North Country ki itilize pa rezidan yo chak jou k ap vwayaje soti nan Plattsburgh pou rive Vermont ak touris sou rivaj Lake Champlain, men pandan plizyè ane, enfrastrikti ki aje li yo te bezwen reparasyon yo tann depi lontan pou asire estabilite alontèm koridò sa a. Se poutèt sa mwen tèlman fyè dèske m te ede bay finansman federal enpòtan pou retabli lyen enpòtan sa a anvan reparasyon yo pwouve yon pon twò lwen. Envestisman ki nesèsè anpil sa a pral ede diminye enpak akimilasyon yo, diminye ka inondasyon yo, ak amelyore sekirite nan koridò vital sa a, pou ranfòse ekonomi North Country a epi bay vwayajè yo yon vwayaj ki pi an sekirite ak plis garanti."

Senatè Eta Daniel Stec te deklare, "Jan nou te wè apre inondasyon ki sot pase a ak domaj wout nan Konte Clinton, yon envestisman sibstansyèl nesèsè nan enfrastrikti lokal nou an. Pwojè reyabilitasyon Flats Bridge Carpenter a se youn ki enpòtan ki pral ede asire sekirite vwayajè yo epi redwi chans pou yon gwo tanpèt domaj sou pon enpòtan sa a. Mwen kontan wè travay kòmanse sou li."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Li enperatif pou wout ak pon nou itilize chak jou yo an sekirite. Pwojè reyabilitasyon NYSDOT nan Flats Bridge Carpenter sou Rivyè Ausable a pral non sèlman asire sekirite piblik la, men li pral monte tou pon an pou pi byen jere akimilasyon glas ak lòt kondisyon metewolojik ekstrèm yo. Pandan n ap kontinye fè eksperyans move tan nan rejyon an, nou konnen byen pwòp enpak chanjman klimatik yo ak kijan li nesèsè pou fè chanjman sa yo nan enfrastrikti nou an."

Sipèvizè vil Perou a, Brandy McDonald, te deklare, "Mwen santi sa a se yon gwo pwojè ki bezwen fèt pou sekirite kont akimilasyon glas ak inondasyon. Mwen apresye pasyans moun k ap viv sou chak bò pon an pandan peryòd konstriksyon sa a."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT Watertown](https://twitter.com/NYS DOT Watertown). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)